
Ibu Nala
Ibu Dewi
Bapak Hardana
Kinan
Djani

Dina iki Djani tangi luwih esuk saka biasane amarga alarm disetel luwih gasik.
Dina iki dina kapisan Djani mlebu Sekolah Dasar kelas siji, ing sawijining sekolah kang aran Sekolah Dasar Bima Kusuma.







Djani iku bocah kang mandiri, dheweke wis isa ngrumat awake dhewe, kaya ta adus, nganggo klambi, lan maem.



kratonjogja.id

Bapak wus lungguh ing meja makan sambi mriksani berita esuk.




Djani, sungkem karo ibu. Yen wis, awake dhewe mangkat saiki.
Ibu, Djani bidhal rumiyin, nggih.
Iya Djani, muga-muga lancar tekan sekolahan. Lancar uga ketemu ibu guru karo kanca-kanca anyar. Mengko bali sekolah, ibu sing arep methuk Djani ya.
Inggih, Bu.
Ing dalan menyang sekolahan
Bapak, mangke bapak tamtu ngrencangi Djani dumugi ngajeng kelas ta?



Iya, Nduk. Kenapa?
Dumadakan, Djani kraos ajrih. Kados pundi menawi mangke Djani mboten gadhah rencang utawi pemucalipun Djani galak?
Aja kuwatir. Bapak lan ibu wis nate tepung karo gurumu. Bu gurumu piyayine apikan kok, Djani mesti seneng. Yen perkara kanca, Bapak yakin Djani bisa kekancan kanthi apik. Lan Djani bisa crita karo bapak lan ibu kaya biasane.
Ing Sekolah Dasar Bima Kusuma.
Sugeng enjing Pak Hardana. Sugeng rawuh ing sekolahan. Djani uwis maem apa durung mau esuk?
Sugeng enjing, Bu. Djani sampun sarapan. Ibu mangsak sop kaliyan ayam goreng.
Bocah pinter. Ayo mlebu, sawetara konca-kancamu wis padha teka.

Djani wiwit tetepangan karo kanca kelase. Dheweke langsung bisa guneman lan sumanak karo kancane.
Kabeneran, kabeh padha seneng dongeng wayang.



Djani lan Kinan nerusake maca nganti jam sinau wiwit. Dheweke kabeh langsung raket lan ngentekke dina kapisan iki bebarengan. Kanthi tetep srawung karo kanca liyane. Dina kapisan iki krasa luwih entheng amarga dilakoni bebarengan, antarane Djani lan Kinan.



Ibu Nala wis nunggu Djani ing pekarangan sekolah. Ora suwe banjur.....












Djani nyritaake pengalamane sekolah dina iki ing sakdawane dalan bali. Dheweke katon seneng lan semangat. Ibu Nala ngrasa ayem, saben mireng dongenge Djani ing dina kapisane mlebu sekolah.

